



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI ETABLI ANGELINA LIU KÒM PITIT JENETIK DETEKTIF WENJIAN LIU

**Amande Lwa sou Dwa Siksesyon, Pouwva, ak Fidisi Eta a pou bay dwa pou pitit Detektif Liu a**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon (S.4350-A/A.7028) ki etabli Angelina Liu kòm pitit jenetik ak eritye Detektif Wenjian Liu pou rezon dwa siksesyon, pouwva ak fidisi.

"Dosye Angelina ak Wenjian Liu se yon dosye ekstraòdinè ki te mande konsiderasyon espesyal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou asire ke Angelina Liu resevwa benefis li gen dwa yo, epi mwen espere ak siyati lejislasyon sa ke Angelina ak fanmi li kapab sonje Detektif Liu anpè."

Nan dat 20 desanm 2014, yo te tiye Detektif NYPD Wenjian Liu nan machin li pandan li nan sèvis. Ak itilizasyon fètilizasyon in-vitro, madam Detektif Liu, Pei Xia Chen, te bay nesans ak pitit fi yo, angelina, an 2017. Nan ka sa, Administrasyon Sekirite sosyal la konsidere timoun nan pitit deyò epi fè referans ak lwa eta a pou detèmine estati biyolojik timoun nan.

Pwojè lwa sa ap asire ke yo konsidere Angelina kòm pitit Detektif Liu pou motif Dwa Siksesyon, Pouwva ak Fidisi New York malgre sikonstans trajik lanmò li, pitit fi Detektif Liu a pa t ap konsidere kò pitit li otreman nan je lalwa.

Lejislasyon S.4350-A/A.7028 la ap pèmèt yo rele Angelina eritye papa li kòrèkteman pou li ka resevwa benefis ak lòt dwa ak privilèj li gen dwa.

**Senatè Andrew Gounardes te deklare,** "Fanmi Detektif Liu te soufri yon pèt endeskriptib, ke yon lwa aryere eta a te rann pi mal ki pa t konsidere pitit fi ki te fèt lè li fin mouri a kòm pitit li. Mwen enkwayabman fyè ke nou te an mezi pou korije mal sa epi nou espere bay yon ti kal rekonfò ak fanmi Liu azi. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lejislasyon mwen an epi onore memwa Detektif Liu ak sakrifis enòm li te fè."

**Manm Asanble Peter Abbate, te deklare**, "Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul dèske li ratifye pwojè lwa sa pou asire ke pitit fi Detektif Wenjian Liu a sonje sakrifis ak sèvis papa I te fè pou kominate nou an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)